ФИФI ФЫМЫГЪОПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪОПЩКIУ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№232 (21.390) ● 2008 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 3, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр фIощыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Зыпэрыт къуалыкъэр дагъуэншэу зэрыраухьэкIым, законыр гъэбыдэныжкIэ екъуIэныгъэ зэраIэм икIи ильэс куэд лъандэрэ хьэпэлу зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и юрист» цIэ лъапIэр яфIощын

Къаныкъуэ Валерий Мухьэд и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iуащхьэмахуэ районым и прокурорым

Кодзоевэ Заидэ Аюп и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорым и дэIепыкъуэгъуэ нэхъыжьым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м
№128-УП

● Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Iуэхущ1ап1эр мэ1эпхъуэ

Урысейм и Федерал налог Iуэхущ1ап1эм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ управленэр щыIэжьыну унэщIэм дыгъуасэ Iэпхъуащ. А Iуэхуэгъуэм кърихьэлIащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрей, абы и яп кIуэдзэ Тхьэзэрлтъыж Мурат, нэгъуэщIкIэрн.

НЭХЪ тэмэму жыпIэмэ, яухуагъащIэу фIэкIа умыльтагъу, къатитхуу зэтет унэр лIэщIыгъуэ кIуам и 30 гъэхэм ящIауэ щытат. 70 гъэхэм абы иджыри къыпащIыхьыжат.

Ящ1эбатьхьапотребсоюзыр-щыIажьэу щыта унэр кьаIэм и утыкум (Ленниным и цIэр зезыхьэ проспектым) кьинат, и тепльэкIэ фейцеIуэ.

Пэш Iэзэрлъэзэвхэм щылажьэ налог Iуэхущ1ап1эм и унэр Iэщ1ал1ъхьэжа нэужь, федерал бюджетым кьиуртыпщащ сом мелуан 57,5-рэ. Республикэм и ахъшэм щыщу а бжьыгъэм зыри щIамыгъэжу, уухуакIуэхэм яхуэфIэкIащ унэр и тепльэкIи и пэшхэмкIи иджыри зэманым кьезэгъыщ, кьаIэм и тепльэр игъэбжьыфIэу кьагъэщIэрэщIэжьын. Метр зэбгъуэнатIэу 3680-рэ зыубыд ухуэныгъэм ямыхъужу кьыхэнар и блын нэхъыщхьэхэрщ.

Ахъуэдизу дахэу зэрагъэпэщыжа унэм и лэжьапIэ пэшхэри зыкIи нэхъыкIэкъым. Телефон кабелу щащэщIам и бжьыгъэр псори зэхэту километр 38-рэ мэхъу. ИнформацIэр щацхъумэну базэ нэхъыщхьэ и серверхэр хуэщIащ гигабайт 15360-м. АТС лъэрызехьэм телефон номеру 400 егъэлажьэ, связым и лIэужьыгъуэ псори (спутникым пыщIахэм зэгъуэнэ) яIэщ. КьиущынэмыщIауэ, унэр хъунщIакIуэхэм, мафIэсым щызыхуэмэ системэ Iуащхэмкlэ кьиузэгъэпэщащ, апхуэдэ системэ зэмылIэужьыгъуэ бгъу зэуэ эзэдолажьэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен кьыхигъэщащ налог инспекцIэм и лэжьыгъэфIым кьыпэкIуэу, республикэм кьыщыхъах ахъшэм иужьрей илъэсищым кьрнубыдэу хуэдэ зыбжанэкIэ зэрыхэхъуар. Абы и фIыгъэкIэ республикэм хуэзфIэжащ тельа щыхъэр кьанэ щагъэуэ щымыIэу ипшынжьыну, дотацэу кьыIэрыхь ахъшэм и бжьыгъэр процент 20 хуэдизкIэ игъэмащIэу, зэрыжаIащи, и щхьэ зэрыхуэпIыж щыкIэр иригъэфIэкIуэну.

- Зи щхьэ кIэлъымыплъыжьыф, зи Iэнатlэр екIуу кьыхъэзымыгъэпэщыф власть Iуэхущ1ап1эр щыхъуэкъым тэмэму яхуэлэжьафынукъым. Республикэм и налог инспекцIэр Урысейм щынэхьыфIэм ящыщ. Ар и щыхьэтщ а Iуэхущ1ап1эм Къэбэрдей-Балъкъэрым Iуэхуфl куэд зэрыщIэлэжьыну, - жиIащ Къанокъуэ Арсен.

ГъУЩIО Зарифэ.

«Адыгэ псалъэр» кьыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэдзыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2009 гъэм и яп илъэс ныкъуэм кьыфIэрыхьэну гъазетэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кIэлепкIи 10-рэщ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытетдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1ап1э псомк.

Ди индексыр 51531

ЩтапIэ ихьэжахэм я Iуэхукlэ

АБХЪАЗ *Еврокомиссэм дунейпсо зэхущытыкIэхэмкIэ и унафэщI Виганд Гуннаррэ ООН-м ЩтапIэ ихьэжахэм я IуэхуэгъэкIэ и комиссариат нэхъыщхьэм и лIыкIуэ Янц Удорэ зи пашэ дипломат гуп Абхъазым щыIэу иджыблагъэ Бэгъэлщ Сергей Iуущащ.*

«ЛъАПСЭРЫХ ЗАУЭ щекIуэкIа щIыналъэхэм ящыщу Абхъазым и закъуэщ щтапIэ ихьэжа цIыхухэр щIыналъэм кьезыщIэлIэжар. Куржы-абхъаз зауэ нэужьым республикэм кьагъэзэжащ куржы мин 55-м. Иджыпсту Гал районым мин 65-рэ щопсэу.

Абхъазымрэ Косовэрэ куэдрэ зэрагъапщэ, атIэми зэпэдвгъэбжьат, зауэ нэужьым цIыху дапщэ хэт и деж ягъэзэжами. Апхуэдэу щыхъукIи, Косовэ зи унафэ зыщIыжьыж щIыналъэ щхьэхуэу европей къаралхэм кьалъытащ, ди республикэр ямылъагъу хуэдэу защI.

Бизнес цIыкIур даIыгъ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэ экономикэм теухуа конференц егъэкIуэкIыныжкIэ кьыззгъэпэщакIуэ комитетым и зэIущIэ иджыблагъэ правительствэм щызэхэтащ.*

КъШР-м и президентым и пресс-Iуэхущ1ап1эм кьызэритамкIэ, республикэм и премьер-министр Кайшев Владимир кьызэуэсахэм яжриIащ бизнесым щIыналъэм зыщегъэжьын, хьэрычэтыщIэхэм ядэIэпыкъун и лъэныкъуэкIэ щIыпIэ властым хуэзфIэкI псори зэрилажьынри. Псом хуэмыдау гулъытэ хуащIынущ хьэрычэт Iуэху мыиныр дамыкъуэзыну, лэжьыгъэ хъэпIалъэ тхылымпIэ лей зэхуэхьэсыныр гъэмэщIэным, нэгъуэщIхэми.

ХЬЭщЫКЪУЕЙ Олег.

Иджыпсту нэхъапэр щтапIэ ихьэжахэм ящыщу Абхъазым къэзыгъэзэжахэм я бжьыгъэр гъэбелджылыныр, Куржыр абы иримысондажджэн папщIэ, иужькIэ дыззэхьхьэу абыхэм дадэIэпыкъунырщ, а лэжьыгъэм дунейпсо зэгуэныгъэр къыхэшэнырщ», - яжриIащ хьэщIэхэм Бэгъэлщ Сергей.

ЩтапIэ ихьэжахэм я Iуэхукlэ

АБХЪАЗ *Еврокомиссэм дунейпсо зэхущытыкIэхэмкIэ и унафэщI Виганд Гуннаррэ ООН-м ЩтапIэ ихьэжахэм я IуэхуэгъэкIэ и комиссариат нэхъыщхьэм и лIыкIуэ Янц Удорэ зи пашэ дипломат гуп Абхъазым щыIэу иджыблагъэ Бэгъэлщ Сергей Iуущащ.*

«ЛъАПСЭРЫХ ЗАУЭ щекIуэкIа щIыналъэхэм ящыщу Абхъазым и закъуэщ щтапIэ ихьэжа цIыхухэр щIыналъэм кьезыщIэлIэжар. Куржы-абхъаз зауэ нэужьым республикэм кьагъэзэжащ куржы мин 55-м. Иджыпсту Гал районым мин 65-рэ щопсэу.

Абхъазымрэ Косовэрэ куэдрэ зэрагъапщэ, атIэми зэпэдвгъэбжьат, зауэ нэужьым цIыху дапщэ хэт и деж ягъэзэжами. Апхуэдэу щыхъукIи, Косовэ зи унафэ зыщIыжьыж щIыналъэ щхьэхуэу европей къаралхэм кьалъытащ, ди республикэр ямылъагъу хуэдэу защI.

Дунейм щыкIуэм

Мумбаи: зэхэуэ нэужьым

Мумбаи и мусылъымэхэм я кхъэм щыщIагъэтхьакъым а кьаIэм зэхэуэ гуащIэхэр щыхъэхэмыбуа террористхэр.

Индием и къэрал унафэщIхэм кьызэрагъэтхьэмкIэ, Iэщ1кIэ зэщIэуэзда гуп Мумбаи зэрытеуам Пакистанэр хэмылъэжьыху кьэнакьым. А къэралым и дипмисиэнсу Дели щыIэм и Iэтащхьэр Индием къэралщIыбэ Iуэхуэмкlэ и министерствэм ираджэри, ткIийуэ хуаIуэтащ Мумбаи террористхэр зэрытеуар Пакистаным кьызэриригъэпщащуэ зэрагъэтыгъэр. Террористхэм ящыщу псэууэ кьэнар зы щIыхущ - Касаб Амир Азам. Абы полицэм и лэжьакIуэхэм зэражриIамкIэ, Мумбаи щыпсэууэ кьалэм теуэнымкIэ абыхэм кьадэIэпыкъуар щыхунтху мэхъу.

Дуней щытыкIэм и зэранкIэ

«Индевер- шаттлыр къышетIысхэр Калифорнием щыIэ Эдвардс базэраш.

Ар Канаверал щыIэ космодромрат кьыщыхьун хуеяр, ауэ Америкэм и хьэрш агентствэм щылажьэхэм дуней щытыкIэр зыхуэдэнур зэхагъэкIа нэужь, яп щыкIэ Флоридэ штатым астронавтхэм щапэплъащ. Арщхьэкlэ, абыи дуней щытыкIэр кьыщызыIэныхьри, щIыхибл зэрыс «Индевер» хьэрш къыхьыр кьышетIысхэну щыпIэр Калифорнием нэс зэрыIэпхъуащ. «Дэ дыщогуфIыкI Калифорнием дыкьыззыщIыхутам» - жиIащ «Эндевер»-м и унафэщI Фергюсон Кристофер.

Iлэжьапщ1эр - и чэзум

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий унафэ ткIий Правительствэм хуищIащ къэрал предприятэхэмрэ уней Iуэхущ1ап1эхэмрэ щыIажьэ щIыхуэхэм и чэзум лэжьапщIэр етын хуейуэ.

«Банкхэм кредитыр е ахъшащхьэ ин щыIагъуэу ят, е предприятэхэм иратын ядэхэркъым», - жиIащ яп вице-премьер Шувалов Игорь. Ари и щхьэусыгъуэщ улахуэ тыныр ягъэгувэнкIэ хуэхъуар.

Президентым щIыхуигъэфощам. Шуваловым къигъэлъэгъуакъым предприятэхэм улахуэ ятыныр зыгъэгувэ щхьэусыгъуэгъэ, ауэ абы зэрыжиIамкIэ, мы гъэр икIыу инфляцэр Правительствэм хуэзтеIысэнущ.

(РИА-НОВОСТИ).

● КъБР-м и Правительствэм

Хуэмыщ1ауэ псэу ц1ыхухэм папщ1э шхап1э Налшык къыщызэ1уах

Хабзэ зэрыхъуар тету, КъБР-м и Президентым иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм и Правительствэм хэтхэр кьызрихьэлIа зэIущIэ. Абы апхуэдэу щIэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ я администрацIэхэм я социальнэ Iуэхущ1ап1эхэм я унафэщIхэр. Зэ1ущ1эм щытепсэльыхьащ социальнэ Iэнатlэм ехьэлIа Iуэхуэхэм.

«ЖЫЛАГЪУЭМ и экономикэ, социальнэ, политикэ лъабжьэхэр щызэрахъуэкI лъэхъэнэм Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ министерствэм кьыбгъэдохуэ тыпш дыдэу щымыт, ауэ республикэм щыпсэу щIыхуэм я дежкIэ мыхъэнэшхуэ зиIэ Iуэхухэр, - жиIащ КъБР-м и Президентым а зэIущIэм кьыщыщыпсалъэм. - Абыхэм ящыщу щIыхуэм я лэжьыгъэм кьыпэкIуэ пщIэм хэгъэхъуэнар, ахэр Iэнатlэкlэ кьыззэгъэпэщынар, сабий куэд зэрыс унагъуэхэм, зэуэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм, зи щхьэ Iуэхур рэзэмыгъэкIыжьыф адрей щIыхуэ гупхэм защIэгъэкъуэныр». **Кьанокъуэ Арсен** кьыкIигъащIащ а унэтIыныгъэ псоми хуабдэу республикэм лэжьыгъэщхьэ зэрыщIекIуэкIыр, ауэ дяпэкIэ зэфIагъэкIыну кьапэщIыльхэр нэхъыбэжь зэрыхъур: «Псом япэу, щIыхуэхэм зэрадэлажьэр иригъэфIэжуэну, мыкIуэмытагъэу лэжьыгъэм хэльхэр игъэзэкIуэжьну, щIыхуэхэм нэхъ гульытэ хэльу ябгъэдыхьэну министерствэм кьыбгъэдохуэ». Абы и щыхьэту Президентым кьыхьащ псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэмкIэ зэрыкудачыхьым и пIэкIэ щIыхуэхэм ахъшэкIэ защIэгъэкъуэным теухуа хабзэр къэгъэсэбэпыным арэзы укьащу зэрызыхуамыгъэхьэзырар: «Мы Iуэхум теухуа документкIэ егъэтхьным мымащIэу гугъуэхь зэрыпыщIам, социальнэ Iуэхущ1ап1эхэм щIыхуэ куэд зэрыщIысэтрихьэм теухуэ тхьэуэсхафэхэр щыIэщ. Апхуэдэ гугъуэхьым Iууахэм я нэхъыбэрэ зи ныбжьыкIуэ хэкIуэтахэм, узынщагъэ зыбгъэдэмыльыхьхэм зэращыщыр къэпытэн хуейщ».

Министерствэм и Iэтащхьэ **Тюбеев Альберт** зэIущIэм хэтахэр щыгуаз ящIащ 2006 гъэм КъБР-м Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэр Лжьыгъэмрэ уэзнащагъэр хьумэныжьэ щхьэхуэу кьыззэрагъэпэщыжа нэужь, мы Iэнатlэм зихьэужу зэрыщIидзам, социальнэ политикэр республикэм и щIыналъэм тэмэму щыпхьагъэкIыныжьмкIэ зэфIэкIхэр щыIэ зэрыхъужам. Кьапщтэмэ, апхэм щымыIауэ, республикэм кьыщыззэIуахащ сабий зиIэ щIыхуэгъэу гуэзнащагъэу Iуэхуэм хэхуэхэм ядэIэпыкъу Iуэхущ1ап1э, сабий щеребральнэ паралич узыфэр зиIэ щIыкIуэхэр махуэм щаIыгъ Iуэхущ1ап1э. «Лъэгъунэкъуэ» сабий реабилитацэ центрыр зэрагъэпэщыжьын папщIэ «Урысейм и сабийхэр» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу 2006 - 2007 гъэхэм сом мелуан 11 кьыхуагъэтыщащ. «Сабийхэм-рэ унагъуэмрэ» программэ кьуэдзэм ипкъ иткIэ, Налшык дэт сабий интернат унэм кьратащ тишографие мыиныр «ГАЗ» автомашинэр. 2007 гъэм и щIышылэ мазэм льандэрэ цIыхухэм псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэр хуагъэзэщIэжьыр-кьым, атIэ абыхэм япэкIуэ ахъшэм щыщ IыхьэрI эрыльхьэу ират.

Апхуэдэу мафIэс кьызэрыхьэмкIэ зыкъэгъэсэбэпыным щыIэ иджырей техникэу сом мелуани 5,7-рэ и уасэ нэгъабэ министерствэм и унафэм щIэт Iуэхущ1ап1эхэм щагъэуващ. Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэм зыхуащIэ цIыхухэм я бжьыгъэм зэрыхэхьэу псынщIагъыр кьапщтэмэ, ар 2006 гъэм процент 103-рэ, 2007 гъэм процент 112-рэ, 2008 гъэм и яп мазихым процент 118-рэ хьуащ.

Дызэрыт илъэсым министерствэр жьыдэкэру нужь итащ лэжьапIэ зэрат отраслевой хабзэхэр кьэгъэсэбэпыным Iэнатlэхэр хуэгъэхьэзырным. Тюбеев Альберт зэрыжиIамкIэ, нормативк акт нэхъыщхьэхэр эхэлъхьащ, бюджет Iэнатlэм и къэ-мащIэ дыну щытыну улахуэхэр зыхуэдизыр яубыхуащ. Министерствэм и Iэщ1агъэлIэхэрэ профсоюзхэм я лыкIуэхэмрэ ыхэт гупкэр рабочаиэу кIуэрэ муниципальнэ бюджет Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэр кьрихьэлIэу семинархэрэ зэIущIэхэмрэ ирагъэкIуэкI.

Зыхуэфащэ зэхьэукIынымгъэхэр республикэм и хабзэ мардэхэми халъхьащ. Куэд мыщIауэ кьащтащ «2007 - 2011 гъэхэм ветеранхэм, ныкъуэдыкIыхуэхэм, зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ защIэгъэкъуэныр» республикэ программэ хэхар. Абы ипкъ иткIэ, 2007 гъэм къриубыдэу ядэIэпыкъуащ ныкъуэдыкIыхуэхэм я республикэ организацIэу 6-м. А Iуэхум КъБР-м и республикэ бюджетым кьыхэкIыу сом мелуани 2,3-м щIигъу трагъэкIуэщащ.

Зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухэмрэ ныкъуэдыкIыхуэхэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэзэщIэ Iуэхущ1ап1эу республикэм псори зэхэту Iуэхущ1ап1эхэм я лэжьакIуэхэр кьрихьэлIэу семинархэрэ зэIущIэхэмрэ ирагъэкIуэкI.

Зыхуэфащэ зэхьэукIынымгъэхэр республикэм и хабзэ мардэхэми халъхьащ. Куэд мыщIауэ кьащтащ «2007 - 2011 гъэхэм ветеранхэм, ныкъуэдыкIыхуэхэм, Пенсэфондым щыгъуэ ягъэзащIэ программэм тету а Iуэхущ1ап1эм дызыхуэкIуэ илъэсым кьриубыдэу транспорт кьызхуащэхунущ.

«Лъэгъунэкъуэ» центрым иджыпсту сабийхэр щыпсэуну пэшхэр кьаэзэремэщIэкIым кьыхэкIыу, абы и унафэщI **БжьыкIий Сурэддин** кьыхилъхьащ Iуэхущ1ап1эм и щIыналъэм пхъэ унэхэр щагъэувыну. Кьанокъуэ Арсен зэIущIэм хэтахэм ягу кьиригъэкIыжащ мы центрым зыщеIэзэ сабийхэм я бжьыгъэр процент 40-50-кIэ нэхъыбэ ящыну зэрамурадар. Ауэ а Iуэхуэр нэсу пхудэгъэкIыныкъым пхъэ унэхэр зэрагъэувым и закъуэкIэ. Абы кьыхэкIыу нэхъ тэмэму кьалэтащ адрей сабий Iуэхущ1ап1эхэмри я лэжьакIэм хэпльэжу, блэкIа зэманым кьамыгъэсэбэпу екIуэкIа псэупIэхэр «Лъэгъунэкъуэ» центрым ирагъэбыдыпIэмэ.

МЕЧИЕВ Асхьэт,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1эм и лэжьакIуэ.

● Щэнхабзэ

Темыркъан Юрэ и щIыхькIэ

Урысейм и гъуэзджэм и гуп нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ филармониемрэ и академическэ, симфоническэ оркестрым и дирижер нэхъыщхьэ, художественэ унафэщI Темыркъан Юрэ и юбилейм ирихьэлIау саугъэт кьыхуащIащ: Урысейм щыцIэрыIуэ композитор Щедрин Родион абы хуитъэпсащ «Виват!» зи фIэщыгъэ симфоние увертюрэр. Ар япэ ящыу щыIунущ Темыркъаным и илъэс 70-р щигъэлъэпIэну махуэм, филармониемрэ и пэщ нэхъ иным. Дирижеру щыгъуэр Урысейм и щIыхубэ артист Янсонс Марисщ.

ТЕМЫРКЪАН Юрэрэ Щедрин Родионрэ куэд щIауэ зэныбжьэгъуащ. Родион сытым дежи игу кьегъэжIыж и Iэдакъэ кьыщIэкIа «Мертвые души» операэр и ныбжьэгъуэ игъэувауэ зэрыщытар. «Лжьхъусэжь хуэдэу зыкъигъэдъэгъуащ абы щыгъуэм Темыркъан Юрэ. Ар 32-рэ Петербург къакIуэурэ операэм и дирижеру щытащ, пщIэнпэу», - жеIэ Щедрин.

Юбилярым и концертым хэтынущ Михайловскэ театрым операэмкIэ и хорыр, апхуэдэуи музыкант цIэрыIуэхэу Башмет Юрий, Вирсаладзе Элисо, Гутман Наталие, Кисин Евгений, Кремер Гидон, Мацуев Денис, Репин Вадим, Седзи Саякэ сымэ, уэрэджыIакIуэ щэджащэхэу Хворостовский Дмитрий, Лейферкус Сергей сымэ зыкъащIащIэлъэгъуэнущ. Щыпхъэщхьэм Михайловскэ театрым зэIущIэ щекIуэкIынущ.

Дыгъэгъазэм и 14-м кьызэIуахынущ Темыркъан Юрэ зи кьызэгъэпэщащкIуэ «Гъуэзджэм и утт» 9-нэ дуней-псо фестивалыр.

Иджыблагъэ Санкт-Петербург Шостакович и цIэкIэ щыIэ филармием Юрэ концертиI щитащ. Япэ пшхьыр - Чайковский Петр и творчествэм, етIуанэр Андроников Ираклий кьызэралъхурэ илъэси 100 зэрыркъым хуэгъэпсауэ щытащ ахэр. ПщыхьэщхьитIми дирижер щджащам кьыхуэзэхуэсащ творческэ, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр, гъуэзджэм и Iэщ1агъэлIэхэр, политикэхэр, Темыркъаным и ныбжьэгъуэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьикIа и хэкуэгъуэхэр.

ШЫПIУ Даянэ.

Путин Владимир и жылагъуэ хэщIапIэм куэдым чэнджэщ щагъуэт

«Зыуэ щыт Урысей» партым и Iэтащхьэ Путин Владимир и жылагъуэ Iуэхущ1ап1эу цIыхухэр щрагъэблагъэм и лэжьыгъэм жьыдэру хэтщ КъБР-м и Парламентым «Зыуэ щыт Урысей» и Iэтащхьэ и унафэщI **щIыналъэ къудамэм и политсоветым и секретарь, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэщ академием и ректор Жэрыкъуэ Борис.

АР КУЭДРЭ яIуощIэ зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухэм, студентхэм, хьэрычэт Iуэху зезыхьэхэм. Япэхэми хуэдэу, цIыхухэр жьыхьэу къызытекIуухьэри ящыщу коммунальнэ хозяйствэм и IуэхутхьэбзэхэмкIэ зэтрихьа щIыхуэхэр пщыныжьыныр, псэупIэхэр егъэжьэнырэ.

КъэкIуалIэхэм ящыщ куэд щIопльэу кьызрагъэблагъэкI дэIепыкъуныгъэхэр зыхуэдэр, ахэр нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпа зэрыхунур кьыгурагъэIуэну, цIыхухэр псэупIэкIэ яхэзгъэпэщыным теухуа федеральнэ, республикэ программэмкIэ зэрагъэзащIам, абыхэм ухьмэ зэрыкъуну щIыкIэм щыгъуаз ящIыну. Апхуэдэу мы Iуэхущ1ап1эм къэкIуалIэхэм яхэтщ бизнес проектхэр дагъэкIын папщIэ дэIепыкъунырэ къэзыпльхьэхэр, республикэм и лэжьыгъэм ехьэлIауэ зэрахьэ хьэгъэщагъэхэм иритхъэусыхэхэр.

Иджыблагъэ Жэрыкъуэ Борис Путин Владимир жылагъуэ Iуэхущ1ап1эм щыщIыам цIыху 15-м яIущIащ икIи абыхэм сыхьэти 4-м нэскIэ епсэпащ.

ШУРДЫМ Мадинэ.

Дунейм щыхьыжьа

♦Пестицидхэм е бэныныжькIэ дунейпсо махуэщ. Ар гъэлъэпIэн хуейуэ экологиемкIэ дунейпсо организацIэм кьыхилъхьауэ щытащ Индием и Бхопалэ къалэм щыIэ «Юнион карбайд» америкэм и заводым 1984 гъэм дыгъэгъазэм и 3-м аварие кьыщыхьуа нэужь. А зы жэщым и кьэхъуэкIащ щыIэу мини 3-м щIигъу илыкIат.

♦ Юристым и профессиональнэ махуэщ. Ар Урысей Федерацэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 4-м кьыщта унафэм ипкъ иткIэ ягъэтIапIэ.

♦1937 - 1938 гъэхэм хейуэ тотапитарнэ режимым Iэщ1эхIакIэм я фэепль мазэрыс «Индевер» хьэрш кьыхьыр кьыщетIысэхьну щыпIэр Калифорнием нэс зэрыIэпхъуащ. «Дэ дыщогуфIыкI Калифорнием дыкьыщэщыщыхутам» - жиIащ «Эндевер»-м и унафэщI Фергюсон Кристофер.

♦Нью-Дели (Индием) щекIуэкIынущ Урысеймрэ Индием я правительствэхэм сатуэкономикэмрэ щIэныгъэ-техникэ, щэнхабзэ Iуэхуэхэмкlэ зэдэлэжьынымкIэ хуэунэтIауэ кьызэрагъэпэща комиссэм и зи чэзу зэIущIэ.

♦Дыгъэгъазэм и 3 - 6-хэм Хайдарабад (Индием) щекIуэкIынущ Интернетым и IуэхуэкIэ зэгъэзэхуэныгъэм теухуауэ ООН-м кьыззэригъэпэщ зэIущIэ.

♦Москва щыIэ «Экспоцентр» гъэпсыгъуэ Iэм дыгъэгъазэм и 3 - 5-хэм щызэхэтынущ нанотиндустриемрэ нанотехнологиемрэ я Iуэху нэхъыщхьэхэм ятеуха I Дунейпсо зэхьэхэ.

♦Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакъинкъэ 22-м, кьуэдыжьнущ сыхьэт 16-рэ дакъинкъэ 30-м.

♦Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 9-рэ дакъинкъи 8-рэ.

ПIалэшэр зыгъэхьэзырыр **ГъУЩIО Зарифэ.**

ПэщIэ Iуэхуэхэр

Хабзэжь хэкужь къранэркъым.

Нобэ



Мумбаи: зэхэуэ нэужьым

Мумбаи и мусылъымэхэм я кхъэм щыщIагъэтхьакъым а кьаIэм зэхэуэ гуащIэхэр щыхъэхэмыбуа террористхэр.

Индием и къэрал унафэщIхэм кьызэрагъэтхьэмкIэ, Iэщ1кIэ зэщIэуэзда гуп Мумбаи зэрытеуам Пакистанэр хэмылъэжьыху кьэнакьым. А къэралым и дипмисиэнсу Дели щыIэм и Iэтащхьэр Индием къэралщIыбэ Iуэхуэмкlэ и министерствэм ираджэри, ткIийуэ хуаIуэтащ Мумбаи террористхэр зэрытеуар Пакистаным кьызэриригъэпщащуэ зэрагъэтыгъэр. Террористхэм ящыщу псэууэ кьэнар зы щIыхущ - Касаб Амир Азам. Абы полицэм и лэжьакIуэхэм зэражриIамкIэ, Мумбаи щыпсэууэ кьалэм теуэнымкIэ абыхэм кьадэIэпыкъуар щыхунтху мэхъу.

Дуней щытыкIэм и зэранкIэ

«Индевер- шаттлыр къышетIысхэр Калифорнием щыIэ Эдвардс базэраш.

Ар Канаверал щыIэ космодромрат кьыщыхьун хуеяр, ауэ Америкэм и хьэрш агентствэм щылажьэхэм дуней щытыкIэр зыхуэдэнур зэхагъэкIа нэужь, яп щыкIэ Флоридэ штатым астронавтхэм щапэплъащ. Арщхьэкlэ, абыи дуней щытыкIэр кьыщызыIэныхьри, щIыхибл зэрыс «Индевер» хьэрш кьыхьыр кьышетIысэхьну щыпIэр Калифорнием нэс зэрыIэпхъуащ. «Дэ дыщогуфIыкI Калифорнием дыкьыщэщыщыхутам» - жиIащ «Эндевер»-м и унафэщI Фергюсон Кристофер.

Iлэжьапщ1эр - и чэзум

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий унафэ ткIий Правительствэм хуищIащ къэрал предприятэхэмрэ уней Iуэхущ1ап1эхэмрэ щыIажьэ щIыхуэхэм и чэзум лэжьапщIэр етын хуейуэ.

«Банкхэм кредитыр е ахъшащхьэ ин щыIагъуэу ят, е предприятэхэм иратын ядэхэркъым», - жиIащ яп вице-премьер Шувалов Игорь. Ари и щхьэусыгъуэщ улахуэ тыныр ягъэгувэнкIэ хуэхъуар.

Президентым щIыхуигъэфощам. Шуваловым къигъэлъэгъуакъым предприятэхэм улахуэ ятыныр зыгъэгувэ щхьэусыгъуэгъэ, ауэ абы зэрыжиIамкIэ, мы гъэр икIыу инфляцэр Правительствэм хуэзтеIысэнущ.

(РИА-НОВОСТИ).

Щыналъэ зэпылъыпIэхэр, нэгъуэщI упщIэхэри

КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэхуэсу щэкIуэгъуэм и 25, 27 махуэхэм зэхэтам Iуэхугъуэ зэмылIужьыгъуэ куэд къыхэщIэзыубыдэ упщIэу 30-м нэблагъэ къыщIэтащ.

●ЗэIущIэхэр

ЗэIУЩIЭМ и яп махуэм депутатхэр хэплъащ КъБР-м и Парламент хэхьныгъэхэр щэкIуэкIыну пIалъэр убзыхуям. Депутат 2009 гъэм и гъатхэпэм и 1-м егъэкIуэкIыныр къыхилъхьащ Парламент лэжьыгъэр уиэтIымыжмкIэ, регламентымкIэ, депутат этикэмкIэ комитетым и унафэщI **Махуэ Владимир**. Апхуэдэу депутатхэр щIэрыщIэу хэплъащ «КъБР-м и къэрал граждан къулыкъым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 7-нэ статьямрэ «КъБР-м и муниципальнэ къулыкъым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 12-нэ статьямрэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэпхъэным теухуа Законым. Зэрыщыту къащтащ Парламентым Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** къыхилъхьауэ «Зи ныбжь иримыкъуахэм я Iуэхугъэ, абыхэм хъащхьэщыжьныжмкIэ комиссэр КъБР-м щыпсэуахэнымрэ я IэнатIэм и кupдамэу щыпIэ самоуправленэхэм хиубыдэхэм убзыхуауэ къэрал хуитыныгъэхэр етынымрэ ятеухуауэ» КъБР-м и Законыр.

Парламентархэр куэд щIауэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм ящыщщ республикэм ит промышленнэ Iуэхущ1апIэхэм я кIэрыкубжьрыкуэхэр, пхъэнкIийм рэ куэншыбымрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным къигъуэв мардэхэм тету гъэкIуэдыныр. Абы ипкъ ит законопроектым и кIэух редакцэми хэплъащ депутатхэр а махуэм. Ар къыхилъхьащ Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщI **Малкаров Тlэхьир**.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и автомобиль гъэгугъэм нобэ яIэ щытыкIэмрэ а Iуэхум узыгъэпIейтейуэ хэлъхэмрэ я гугъу ищIу парламентархэм я пащхьэ щыпсэплъащ КъБР-м ТранспортымкIэ, связымрэ, гъэуэгу хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Гижгиев Малик** КъБР-м и автомобиль гъэгугъэмрэ абы пыщIа Iуэхугъэмрэ ятеухуа законопроектыр япэ еджэгъуэкIэ утыку къыщIрихьэм, Гижгиевым къыхигъэщащ автомобиль гъэгугъэм ятеухуауэ республикэм щыIэ хабзэ мардэхэм арэзы къэзыгъэрамыщIыр, иджырей IуэхуэхьэкIэхэм зэрыпэжыжьэр, нэгъуэщI ныкъуасанытъэхэри. Зи гугъу ящI законопроектыр тегъэпсыхьащ ди щIналъэм кIуэцIрыкI, щыпIэм и автомобиль гъэгугъэр къэгъэсэбэнымк, уэхуэным, егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхугъэм хабзэубзыху Iыбжьыз зэрагъэнум. Апхуэдэу а законым щIегъэбыдэ автогъэгугъэр я къэгъэсэбэпыкIэмрэ я фIагъкIэ зощхьэщыхьыныр, гъэуэгуэр къэгъэсэбэпныжмкIэ щIыхуэзм яIэ хуитыныгъэхэмрэ яхь жэуапльныгъэмрэ хабзэм тету гъэпсынныр.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр **Мусуков Алий** депутатхэм я пащхьэ къриплъхьа Iуэхугъуэми социальнэ мыхьэнэшхуэ иIэт. Ар тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сату щIыпIэхэм 2009 - 2011 гъэхэм хьэрэзыгъэныр зыщIегъэужьын зэрыхуейм, Министрым къыззрилыгтэмкIэ, а Iуэху бгъэдыхьэкIэр хуэунэтIащ хьэрычэт щIэкIэ лIэужьыгъуэхэм зегъэуубгъуным, абыхэм я хуитыныгъэхэмрэ я фейдэ зыхэлъымрэ къэзыхъумэ хабзэхэм къару ягъуэтыным, апхуэдэ щIыкIэкIэ кыдэхъулIэнщ ди республикэм къыщалэжь ерыскъыпхъэхэмрэ хьэпшыпхэмрэ я фIагъыр къэIэтауэ я уасэр гъэмэщIэныр. Программэр дызыхуэкIуэ илъэсищым къриубыдэу зэфIэгъэкIын хуейщ, абы кърикIуэнщ гъэм и зэманхэм елъытауэ уасэхэр зэрядгъуеймрэ рынокым къыщIихьу нэгъуэщI Iуэху зэIуымыбзхэмрэ зэпIэзэрыту зэтеIыгъэныр. Министрым жиIахэр депутатхэм ягу ирихьащ икIи етIуанэ къеджэгъуэкIэ законопроектыр пхагъэкIащ.

Парламентархэр япэ еджэгъуэкIэ хэплъащ КъБР-м и муниципальнэ щIынальэхэм я гъунапкъэхэмрэ статусымрэ теухуауэ КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ хэлъхьэныр зыщIэщIиубыдэу ЗаконодательствэмкIэ, къэрал хуэхIэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм пыщIа IуэхугъэмкIэ комитетым и унафэщI **Абазэ Руслан** къыхилъхьа законопроектым. Ар нэхъыбэу зытегъэщIар Къэщкъэтау къалэмрэ Бабугент, Бесенги, Балъкъэр Ипщэ къуажэхэмрэ я щIыналъэ гъунапкъэхэм ягъуэта зэхъуэкIныныгъэхэрщ. Абы ипкъ иткIэ, депутат **Иуан Анатолэ** щIэупщIауэ щIыпIэм щыпсэу щIыхуэхэр я IуэхумкIэ къащта унафэм арэзы дэхъурэ дэмыхъурэ. Iуэхум шэч кIыхьезыхьэхэмрэ арэзы мыхъуахэмрэ депутатхэми къагъэлъэгъуа жылагъуэхэм щыпсэуэхэми къахэкIыныкIэ, епльыкIэ щхьэхуэрэ чэнджэщкIэ зыкъыхуагъэзэнкIэ зэрыхьунур къальытэу законопроектыр япэ еджэгъуэм зэкIэ фIамыгъэкIыну къыхилъхьащ Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Бозий Натбий**. Депутат **Уянаев Борис** къыхигъэщащ законопроектыр гъэхъэзэрыныр езыр жыджэру зэрыхэтар, а IуэхумкIэ и хэхакIуэхэм мыхъа-мыIэу зэрэIущIар, къыхагъэща жылагъуэхэм щыпсэуэхэм зэрепслъар, щэч къызытрахьэн гуэри Iуэхум зэрыхамылъагъуэр, ауэ 131-нэ Законыр къащтэн и пэкIэ а хуажэжэм къальысу, къагъэсэбэпу щыта щIыналъэхэр къахуэнэжыгъэ уеиныгъэ къызэрагъэгъэри жиIащ. Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ**жиIащ законопроектым къыщыгъэлъэгъуа жылагъуэхэм я картографиче материалхэр гупсэхуу, щыуагъэншэу ягъэхъэзырыр зэрыхуейр.

Парламентархэм я зэхуэсым и яп махуэм «Гъуэгу зыгъуэта» законопроектхэм ящыщу къыхэзгъэщIапхъэщ къэрал къулыкъу зезыхьэхэмрэ абыхэм я къуэдзэу лэжьакъэмрэ пенсэкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ КъБР-м и Законым, КъБР-м и правовой актхэм ятеухуа Законым, нэгъуэщI законодательнэ акт зыбжанэми зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуахэр.

ЩэкIуэгъуэм и 27-м депутатхэм я лэжьыгъэм пащащ. КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэгу Парламентымрэ суд Iуэхущ1апIэхэмрэ щыIэ **Къуэшырокъуэ Залым**, федерал инспектор нэхъыщхьэ **Меркулов Александр**, КъБР-м и Конституцэ Судым и унафэщI **Гиляхов Абдулыхь**, КъБР-м и Къэзыбж-къэзыпщыта палатэм и Iэтащхьэ **Рахаев Борис** сыщыкъыщынэмыщIа, депутатхэм я зэIущIэм хэтащ УФ-м и Президентым къыбгъэдэкIыу КъБР-м щыIэ куратор **Карчаев Ренат**.

Зытепсэлъыхьыну ягъэхьэзыра упщIэхэм ящыщу япэ ирагъэща 6-м зы Iуэхут къыззыщIыдыр: Къэбэрдей-Балъкъэрым и муниципальнэ щIыналъэхэм я гъунапкъэхэмрэ я статусымрэ ятеухуауэ КъБР-м и Законым и статьяхэу Бахъсэн Ипщэ, Былым, Гундэлэн, Iуащхьэмахуэ къуажэхэмрэ Тырныауэ къалэмрэ я гъунапкъэхэм ягъуэта щытыкIэм ипкъ ит зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэныр. А IуэхумкIэ парламентархэм я пащхьэ къыщыпсэплъащ зи гугъу ящI щIыналъэхэм я щIыпIэ администрацэхэм я унафэщIхэр. Абыхэм къыхалъхьахэр диIыгъащ ЗаконодательствэмкIэ, къэрал хуэхIэкIэмкIэ, щIыпIэ самоуправленэм пыщIа IуэхуэхэмкIэ комитетым. АбыкIэ арэзы хъуащ адрей депутатхэри икIи, псалъэмакъ кIыхь ирамыщIэкIыу, къагъэлъэгъуа законопроектхэр къащтащ.

Апхуэдэу КъБР-м и Парламентым зэдзэрэзыуэ къищтащ УФ-м и Президент къулыкъымрэ Къэрал Думэмрэ зэрытет плIэр нэхъ кIыхь щIынымэ теууауэ УФ-м и Конституцэм зэхъуэкIныгъэ хэзыльхьэ Законыр. Абы къыдэкIуэу ди парламентархэм пхагъэкIащ УФ-м и Правительствэм и лэжьыгъэр къэпщытэныжмкIэ хуитныгъэхэр УФ-м и Къэрал Думэм къыхуэгъэнэныжмкIэ УФ-м и Конституцэм зэхъуэкIныгъэ хэлъхьэным теухуари. Мыбдеж къыхэзгъэщIапхъэщ федерал мыхьэнэ зиIэ апхуэдэ унафэхэр къэщтэным нэхъапэ «тегушхуа» щIыналъэ хабзэубзыхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и депутатхэр зэращIыр.

ЗэIущIэм и кIэухым депутатхэм къыбгъэ ирагъэщIащ КъБР-м и Парламентым и ещанэ зэхъуэсыгъуэм и депутатхэм къальысу Парламентым и Унэм афIэкIа зэхъыхэ зэрыщемыкIыгъэкIыну. Унэр зэрахьэнущ, зыхуэй хуагъэзэнщ, гъатхэпэ мазэм екIуэкIыну хэхьныгъэхэм пщIондэ иджырей депутатхэр КъБР-м и Правительствэм и Унэм щIэзэхуэсынущ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 3-р

♦Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 5-м

♦1936 гъэм СССР-м и Конституцэр къащтащ. КъБАО-р КъБАССР хъуащ.

♦1941 гъэм советыдзэхэр Москва и Iэшэлъашэм нэмыцэ-фашистхэм щебгъэрыкIуэу хуежьащ.

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и партизанхэр Лэскэн Езанэ щыIэ нэмыцэдзэм теуащ, хэщIыныгъэшхуэ иритащ.

♦1938 гъэм къальхуащ РАН-м прикладной математикэмкIэ и институтым и унафэщI, щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ШИДАА-м и президент, РАЕН-м и академик **Нэхущ Iэдэм.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 6-м

♦1918 гъэм къыззрагъэпэщащ Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ я цIыхубэ милицэр.

♦1944 гъэм ВКП(б)-м и Къэбэрдей обкомым и пленум зэхэтащ. Абы республикэм и унафэщIыр щIэзэрахьуэкIащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 7-м

♦1725 гъэм Петербург щIэзэ хэтащ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и яп зэхуэсыр.

♦Граждан авиацэм и дунейпсо махуэщ.

♦1988 гъэм Армением щIыр щыхъеящ. **Армением щIыр щыхьеям хэкIуэдахэм я фэепль махуэщ.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 8-м

♦1991 гъэм Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэкъуэтыныгъэр (СНГ-р) зыубзыхуа Беловежскэ зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ. Абы СССР-р щымыIэж ищIащ.

♦Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистк, уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэ **Шэрий Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.



♦Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артистк, «Кабардинка» къэрал къэфакIуэ ансамблым и солисткэ **Щоджэн Ксение** кьалъхуащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 9-м

♦1769 гъэм ягъэуващ Урысейм и зауэ тыгъэ нэхъыщхьэр - Георгий щихьым и орденыр.

♦Коррупцэм ебэныным и дунейпсо махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 10-м



♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу СССР-м и щIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал сауГъэтым тIэунейрэ и лауреат, дуней псом щIыщIэрыIуэ дирижер **Темыркъан Юрий Хьэту и къуэр.**

♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Былымгъуэт Борис**.

♦Щ1ыхум и хуитныгъэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ.

♦Нобель и махуэщ. Нобель и саугъэтыр щат махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 11-м

♦1946 гъэм къызэрагъэпэщащ ООН-м Сабийхэм защIэгъэкъуэныжмкIэ и фондыр.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 12-м

♦Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэщ.

♦1993 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым палатитI хъу и Парламентыр хахащ.



♦Илъэс 80 ирокъу Кыргъызым и цIыхубэ тхакIуэ, Ленин саугъэтым и лауреат, СССР-м и Къэрал саугъэтым щэнейрэ и лауреат Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Айтматов Чингиз** къызэрэлъхурэ. 2008 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Алэкъей Лерэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦И ныбжьыр илъэс 60 ирокъу Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист **Балъкъыз Валерий.**

♦КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и депутат **Шал Любовь** къыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 13-м

♦1949 гъэм Налшык щIэзэхэтащ республикэм и цIыхубэ ныбжьыщIэхэм я ЕтIуанэ съездыр.

♦1991 гъэм Налшык щIэзэхэтащ КъБР-м иц лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм я съезд.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 14-м

♦1695 гъэм пащтыхь Петр Езанэм къыхилъхьэри, адыгэпщ Черкасский Алий (Михаил) Аныджокъуэ и къуэр Урысейм и яп генералиссимусу хахащ.

♦1911 гъэм Норвегием и къэхутакIуэ Амудсен Роальд япэу Ипщэ полюсым нэсащ.

♦Академик Сахаров Андрей и фэепль махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 15-м

♦1699 гъэм Петр Езанэм и унафэкIэ Урысейр Юлиан махуэгъэпсым хуэкIуащ. 1700 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэсищIэр къыщрагъэхьэр щIышылэм и 1-рщ, фокIадэм и 1-м и пIэкIэ.

♦1905 гъэм Москва Пушкин и Унэр - Дунейпсо литературэм и институтыр - къыщызэIуахащ.

♦1921 гъэм Къэбэрдей автоном областым и лIыкIуэ РСФСР-м и ВЦИК-м и деж щыIэу ящIащ.

♦И ныбжьыр илъэс 80 ирокъу химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дзу Iэбубэчыр**.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 16-м



♦1916 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI **Шортэн Аскэрбий** . 1985 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 17-м

♦1959 гъэм стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэр кьэзэрагъэпэщащ.

♦Стратегие мыхьэнэ зиIэ ракетэдзэм и махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 18-м



♦1939 гъэм къалъхуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и член-корреспондент, ШIДАА-м и академик **КIыщ Мухьэдин.**

♦Урысей Федерацэм щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Федченкэ Людмилэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Мигрантым и дунейпсо махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 19-м

♦1866 гъэм Урысейм и телеграф агентствэ къызэрагъэпэщащ.

♦1925 гъэм ТАССР-р (Совет Союзым и Телеграф Агентствэр) къызэрагъэпэщащ.

♦1906 гъэм къалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, политик, маршал, Совет Союзым пIэнейрэ и Лыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Брежнев Леонид**. 1982 гъэм дунейм ехыжащ.

♦ТхьэмыщкIэхэм ядэIэпыкъунымкIэ дунейпсо махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 20-м

♦1917 гъэм ВЧК-р (Урысейпсо Чрезвычайнэ Комиссэр) къызэрагъэпэщащ.

♦Къэралым и щынагъуэнщагъэм и органхэм я лэжьакIуэхэм я махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 21-м

♦1944 гъэм ВКП(б)-м и обкомым унафэ къищтащ Дзэлыкъуэ, Куба, Шэджэм, Налшык, Прималкэ, Уэрджайэ, Лэскэн районхэм газет къыщыдэгъэкIыным теухуауэ.

♦1879 гъэм къалъхуащ парт, къэрал лэжьакIуэ, политик, генералиссимус, Совет Союзым и Лыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Сталин (Джугашвили) Иосиф**. 1953 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Махуэм хэхъуэу щIедзэж.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 22-м

♦1920 гъэм къащтащ Урысейр электрификацэ щIыным теухуа къэрал планыр (ГОЭЛРО-р).

♦Энергетикым и махуэщ.

♦2001 гъэм Налшык къыщызэIуахащ Къэрал концерт гъэльэгъуанIэр (ГКЗ-р).

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 23-м



♦Илъэси 150-рэ ирокъу СССР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым тIэунейрэ и лауреат, режиссер цIэрыIуэ **Немирович-Данченкэ Владимир**. 1943 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 24-м

♦1979 гъэм советыдзэр Афганистаным ихьащ.



♦Актрисэ **КIэхумахуэ ФатIимэ** къыщалъхуа махуэщ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 25-м

♦Хьисэ бегъымбарыр къалъхуащ.

♦1942 гъэм 37-нэ армэм и дзэхэр фашистхэр зыдэс Налшык ебгъэрыкIуэу хуежьащ.

♦1914 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и Лыхъужь **Къаанкъуэщ Ахьмэдхан**. 1943 гъэм зауэм хэкIуэдащ.

♦1919 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и Лыхъужь **Байсултанов Алим**. 1943 гъэм зауэм хэкIуэдащ.

♦1919 гъэм къалъхуащ Совет Союзым и Лыхъужь **Яхэгуауэ Михаил**. 1994 гъэм дунейм ехыжащ.

♦Илъэс 84-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, композитор цIэрыIуэ **Балэ Мухьэдин** къызэралъхурэ. 1984 гъэм дунейм ехыжащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 26-м

♦1991 гъэм СССР-р зэрыщымыIэжымкIэ Декларацэм Iэ щIадзащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 27-м

♦1932 гъэм СССР-м паспорт системэ щагъэуващ.



♦1929 гъэм къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ШIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, литературовед, критик **ХьэкIуащэ Андрей.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 28-м

♦1959 гъэм Налшык телемеханикэ аппаратурэ завод къыщыдзэIуахащ.

♦1968 гъэм Мейкъуапэ и Зэныбжьэгъуагъэ утым «Иг1ащIэкIэ - Урысейм» фэеплъыр къыщыдзэIуахащ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 30-м

♦1922 гъэм Советхэм я I Союзпсо съездым къыщыдзэрагъэпэщащ Совет Социалист Республикэхэм я Союзыр - СССР-р.

♦1972 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэ орденыр къыхуагъэфэщащ.

♦1931 гъэм къалъхуащ педагог цIэрыIуэ, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Чым Юрий.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 31-м

♦1932 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист, пшынауэ Iэзэ **Пщыхьэщ1э Мухьэжыр**. 2007 гъэм дунейм ехыжащ.

♦1939 гъэм къалъхуащ УФ-м гъуаздж эхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и щIыхьэ артист, уэрэджыIакIуэ щIэрыIуэ**Бэрэгъуэн Владимир**. 1998 гъэм дунейм ехыжащ.

МЫ ГЪЭМ:

♦Илъэси 140-рэ и пэкIэ (1868) дунейм къытехьащ ХьэтIохъущокъуэ Къазий адыгэбзэкIэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Хьэуар, псыр, ахэр зэрызэхэлъымрэ зэрызахъуэжьымрэ» тхылъыр.

♦Илъэс 95-рэ и пэкIэ (1913) Киев къыщыдэкIащ Къудаш Елбэздыкъуэ и «Исторические сведения о кабардинском народе» тхылъыр.

♦Илъэси 110-рэ и пэкIэ (1898) Анзорей къуажэр къэхъуащ.

Зыгъэхьэзырар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

Дызэрыт мазэм

●Махуэгъэпс

Щ1ыхьым и гъуэгу

Урысейм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ IэнатIэр (УИС) къызэрызэрагъэпэщ1р 2009 гъэм гъатхэпэм и 12-м илъэси 130-р ирокъу. Тезырхэр ирегъэхьэкIыныжмкIэ федерал Iуэхущ1апIэм а махуэщхэм ирихьэлIэу Iуэхугъуэ зэхэхьэныгъэхэр ирегъэкIужI. Абы илъэс зыбжанэ хъуауэ творческэ пыщIэныгъэхэр яхуиIэщ Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм тезырхэр щагъэпшныныж я IэнатIэхэм икIи а ныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэр етъэфIэкIуэным гульытэ хэха хуещI.

ИДЖЫБЛАГЪЭКавказ Ищхьэрэм щекIуэкIащ Урысей ФСИН-м и щэнхабзэ акцэ, «Хахуагъэмрэ щIыхьымрэ я гъуэгу» зыфIащар. ЦIыху 14 хъу творческэ гупым хэтащ дунейпсо, урысейпсо фестивалхэм, УИС-м и лэжьакIуэхэм я художественнэ самодеятельнэ творчествэм и IV урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуаэр, лауреатхэр.

Урысей ФСИН-м и «Еджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр къызэрыгъэпэщ центр» федерал бюджет Iуэхущ1апIэм и унафэщIым и къуэдзэ Шишкин Юрий зи пашэ гупым иджыблагъэ Налшык дэт Музыкэ театрым концерт дахэ щитащ. А пшыхьэщхьэм Шишкиным «Хахуагъэмрэ щIыхьымрэ я гъуэгу» щэнхабзэ акцэр егъэжIуэкIыныжмкIэ зэрызащIигъэкъуам папшIэ Урысей ФСИН-м и унафэщIхэм я щIэкIэ фIыщIэ тхылъ иритащ Тезырхэр ирегъэхьэкIыныжмкIэ управленэу КъБР-мщыIэм и унафэщI Абыдэ Ахьмэд, фэепль саугъэтхэр - Тхьэгъэлэдж Светланэ, Кьумахуэ Мухьэдин, Кьуэныкъуэй Алим сымэ.

Концертым хэтащ тезырхэр ирегъэхьэкIыныжмкIэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я художественнэ самодеятельностхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэу Анапэ щекIуэкIам зи зэфIэкI щызыгъэлъэгъуа, КъБР-м щыIэ УФСИН-м и лэжьакIуэхэри - Джэдмыших Иринэрэ Газаев Руслан рэ. Апхуэдэуи Абхъаз утым концерт щитащ Краснодар кьикIа духовой оркестрым.

Урысей ФСИН-м и щэнхабзэ центрым и зыужьныгъэм хуащIа хэлъхьэныгъэм папшIэ КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр иратащ Шишкин Борисрэ Сеславинэ Зифэрэ.

«Хахуагъэмрэ щIыхьымрэ я гъуэгу» щэнхабзэ акцэм и кIэух Iыхьэм артистхэм зыкъыщагъэлъэгъуащ Кировым и щIэр зезыхъэ санаторэм зыщызыгъэпсэху ФСИН-м и лэжьакIуэхэм я пащхьэм.

Мы гупым къэралым и щIыпIэ хуэщIам зыкъыщигъэлъэгъуэнущ етIанэгъэ гъатхэпэ пщIондэ.

ЗЭБАР Мадинэ,
Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.



Музыкэ театрым щекIуэкIа пшыхьым.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, КъШР-м и щIыхубэ артист Тэшло Алий и унагъуэр и гъусэу. *2000 гъэ.*
Сурэтыр **Т ОЛГУРОВ Камал** *трихащ.*

Тхыдэр зи бащэ Къэбэрдей



ЩIэныгъэр щыхьэт тохъуэ

Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм я тхыдэр джыным гулытэ лей хуащI хьуащI нужькI ильэхэм. Гъуэгуанэ кIыхь кIыкIуащI абыхъэм - ищхьэ ищI зибжанэ я тхыдэм. Ащхуэдэ тхыдэ зи нэту щIэкIэхъэм ящыщи адыгэхэр - щIэныгъэр щыхьэт тохъуэ абы.

ЩIЭНЫГЪЭР щыхьэт тохъуэ адыгэхэм нэхъ пэрыт лъэпкъышхуэрэ нэхъ цIэрыIуэрэ Кавказым зэримысэм. Абыхъэм я зы лIакъуэщ къэбэрдейхэр.

Сыт хуэдэ гъуэгуанэ кIыхь-пача къэбэрдей адыгэхэм, дапщэщ ахэр адрей адыгэ лъэпкъхэм (щэрджэсхэм) кIащIхэIэпхъыкIар, сыт абы и щхьэусыгъуэр, сыткIэ щхьэрыIуа Къэбэрдей къэралыгъуэр курыт лIэщIыгъуэхэм - апхуэдэ упщIэхэм жэуап ярет Хьуэткъуэ Самир и кIалэмыцIэм кIыщIэкIащ «**Цивилизация Кабарды**» тхылъым - иджыблагъэ ар кIыщIыдэкIащ Петербургэ университетым и тхылъ тедзапIэм.

Тхылъым и пэублэ псалъэм техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Шыхьэустэн Борис щыжеIэ Хъуэткъуэ Самир и лжьылIэ хьэлэмэтым нобэрей щIыблэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр. АбыкIэ акъылгъуэ тщIэныгъэхэм я доктор, профессор Дьяков Николаи - абы и пэублэ псалъи итщ тхылъым. Дьяковым зэритхымкIэ, Хьуэткъуэ Самир ди пащхьэ кърилъхьащ иджыри къэс дызыщымыгъуэза тхыдэ хьыбар гъэщIэгъуэн куэд - Къэбэрдеймрэ гъунэгъу къралхэмрэ курыт лIэщIыгъуэхэм я зэманым зэхуаIа зэпыщIэныгъэхэм, я хэкум и хуитынныгъэр яхьумэн щIхьэкIэ щэнхабзэ лъагэ зэрагъэпэщын - абыкIаахэр цIэрыIуэ дыдэ щыхьауэ щытащ Кавказми къэралкуэдми. Ар щыпэрыльагъуэ Хьуэткъуэ Самир и тхылъыщIм.

Тхылъым итщ адыгэ дзэпщ цIэрыIуэхэм, адыгэ щууейхэм, Iэщэ-фащэхэм, зауэм тращIыкIауэ щыта сурэт куэд.

Хьуэткъуэ Самир адыгэ тхыдэгъэ цIэрыIуэщ, абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ «Щэрджэс мамлюкхэр», «Щэрджэсым и тхыдэ», «Адыгэжьгъэдэхэр», «Адыгэшхэр» тхылъхэр, зэмылIэужьыгъуэ куэд.

Фи пащхьэ итлъхьэ тхыгъэхэр къызыхэтхар Хьуэткъуэ Самир и иужьрей тхылъыщIэ ия Кабардыгъ.

КIЭРМОКЪУЭ Хьэмиз.

Астрэхъан хъаныгъуэр хэт зи жьауэ щIэтар?

Дышэ Ордан къэралыгъуэр лъэпкъэжа ящхьэ, абы и щIыналъэм хъаныгъуэ зыбжанэ кIыщIыныжхуащI. Абыхъэм ящыщу Астрэхъан хъаныгъуэр.

ЗэрызэфIэувэ Iыдандзэ (XV лIэщIыгъуэм икуэм щIыщIэдзауэ) Астрэхъан хъаныгъуэр Къэбэрдеймрэ и жьауэм щIэтащ, абы и хъанхэм я нэхъыбэр къэбэрдеипщхэм я малъхэ т е я пхъурылхути, хьан тахь тэр зыльагъэсыр ахэрат.

МОНГОЛХЭР кIаль эIэсын и пэ, хьэзаврхэм я уэлиигъуэм, Индыл псыр тенджызым щыхэ хуэм деж тэгэрхэм щыхуауэ щытащ Астрэхъан кIалэр (езыхэм я бзэкIэ - Ас-Тэрхъан). КIалэр щIэх дыдэ зэфIэуващ, сатуущIэхэм я кIуапIэти; абы и тетым (дзэпщым) къаруушхуэ иIэ хьуащ, Дышэ Ордам и Iэмыщ!э кIыхьэрикIын Iэмал лъыхьэуэ щIидзащ. Ар хуэзфIэкIын щхьэкIэ, астрэхъан дзэпщым дэIэпыкъуэгъуэ иIэн хуейт Дышэ Ордар куэд щIауэ зи бий къэбэрдеипщхэр дэIэпыкъуащ абы.

XIV лIэщIыгъуэм и хьащI гъэхэм щыщIэдзауэ Астрэхъан тепщэ щыхъуащ Хьэжы-ШэрджэскIэ эрдэжь дзэпщыр. Дышэ Ордам и тхыдэм кууэ щыгъуаз Сафаргалиев М. Г. зэритхымкIэ, ар шэр джэс (къэбэрдей) пщы лъэпкъым кхыхэкIащ. Мамлюк сультIан Бэркыкъуэ и уэзир (министр) Ибн Халдун щыхьэт тохьуэ Хьэжы-Шэрджэс Николаи - абы и Iэдэлъам. Абы зэритхымкIэ, Дышэ Ордам и иужьрей хьан Бердибек и дзэр Iэщ!эльащ Хьэжы-Шэрджэс. Бердибек лIа нэгужь, Хьэжы-Шэрдж эс Астрэхъан кIыу бидащ, ар дзэ и хьэна, империем и кIалащхьэри и Iэмыщ!э иритхьащ. КIалащхьэр абы зыфIэIуубыдар езы хьан Мамайщ - Егоров В. Л. зэритхымкIэ, ар кIыщIхьуар 1374 гъэрщ. Ибн Халдун етх: «Астрэхъан дзэпщ Хьэжы-Шэрджэс Мамай теуащ, абы текIуэри, Сарай кIалэр (империеи и кIалащхьэр) фIиуБыдащ. Хьан Мамай Кырымым кIуащ, абы тепщэ щыхьауащ». Нэхъ белджылыуэ жыпIэмэ, урысхэм Куликовэ губгъуэм щыхэжакIытэн и пэкIэ Хьэжы-Шэрджэс Мамай и дзэр хитъэщIауэ щытащ - 1374 гъэм.

Дзэпщ къуэлыкъуэм куэдрэ тетакIым Хьэжы-Шэрджэс, ауэ абы и уэлиигъуэм Астрэхъан Дышэ Ордам и бжьым къыщIэкIри, унафэр езым и Iэмыщ!э иритыдзэжащ. Ордаиншуэм зыпищIэри, Астрэхъан Псыжьыкlи къапльэ хьуащ, ауэ зыщIыкуэдиин хуэфIэкIакъым, Псыжьэ Донрэ яку дэль губгъуэр зыIэщIэль щэрджэсхэм кхыжьэдакъуэри.

XIV-XV лIэщIыгъуэхэм я губгъуэм «Щэрджэс Ищхьэкэ» (е «Щэрджэс губгъуэкIэ») едкэу щытащ.

Флоренциеи щыщ сатуущIэ Тедальди Джованни 1554 гъэм Ираным кIуаиу щытащ, абы щыгъуэ ар Къэбэрдеймкlи кIуэцIрыкIащ. «Астрэхъан къыщыщIэдзауэ Къэбэрдейм нэс махунбл гъуэгу дащ, - итхыгъащ Тедальди. - Хьэзэр тенджызым щытепщэщ щэрджэсхэр (къэбэрдейхэр)».

Астрэхъан хъанхэм я Iэхуэхэм зэпытащ къэбэрдеипщхэр, уеблэмэ я хъанхэр тезыгъэувэр ахэрат: я малъхэ е я пхъурылхуат абыхъэм хъан кIылыкIур зэритатэсыр. Къэбэрдеипщхэр астрэхъан хъаныгъуэм зэрытемплъэкIыкIым щхьэусыгъуэ иIащ: ар дзэ кIащIмэ, къэбэрдеипщхэр Индыл кIыкI нэгъуейхэмэ кIрым хъанэмэ нэхъ апэIащIэ хвр т.

Кырым хъан Мухьэмэд-Джэрий 1521 гъэм Москва теуащ, пщышхуэ Василий Ешанэр жьаIадэу я кIащIащ, кIуэдзри кIрытын хуейуэ иригъэувэлащ. Ильэсит дэкIри, ар Къэбэрдейм и дзей астрэхъан хъаным теуащ, ауэ езыр кхыхагъэщащ - кIаукIащ. Кырым хъаным апхуэдэ удын ирадзын астрэхъан хъанхэм щIахъэзэфIэкIар зи фIыщIэр абыхъэм я дзей кIыбэрдей дзэпщхэрщ - абы щыхьэт тохьуэ тхыдэр.

Кырым хъанхэр хущIэкъуэ зэпытащ Астрэхъан Къэбэрдейм и жьауэм кIыхьэрщIащыпхм - ар яхуэзэфIэкIамэ, Къэбэрдейр нэхъ гуащIэмащIэ, нэхъ тегушхуэгъуафIэ хьунут. Къэбэрдей дзэпщхэм кIаугрыIуэрт Астрэхъан бутIыщ зэрымихьунур, арат езыхэм я Iупэфэгъуэ фIэкI хъан кIуэлыкъур щIыльамыгъэсыр.

Зыри зыпэмылъэщ шуудзэ

Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ яку дыхьэн ящрад яIэ зэпытами, ар къеежьIакъым тырку сультIанми кырым хъанми: къэбэрдей щухэр кIыхьэжаныкI зэпытащ Урысеим ипщэкIи ищхьэрэкIи къыщращIылIэ зауэхэм. ЗэрыгурыIуэгъэущи, ар ягу техуэнутэкъым тыркухэми тэтэрхэми: Къэнжал зауэм и ужькIи Кырымымрэ Къэбэрдеймрэ куэдрэ зажьэхэауащ, зажьэхэуэ къасыуи адыгэхэм къапэлъэщащкъым зэрыпхъуакIуэхэр.

1711 ГЪЭМ жэпуэгъуэ мазэм и 30-м къэбэрдейхэм кырым къалгъэ-сультIан Мурад-Джэрий и дзэр зэхакъутащ. 1723 гъэм хъан Саадат-Джэрий III зи пашэ кырым дзэпхуэ къытеуащ Къэбэрдейм. Хъан Менглы-Джэрий II и къалгъэ-сультIан (дзэпщ) Бахьты-Джэрии 1729 гъэм Къэбэрдейм къриутIыпщащ - кырымыдзэр къэбэрдейхэм зэхэхъутащ, езы дзэпщри яукIащ. Мазэм тэтэрхэмрэ къэбэрдейхэмрэ 1739 гъэм фокIадэ мазэм Лабэ псым и Iуфэм (Бесльэнейм) щызэзэуащ. Къетыкъуэ Аслъэнбэч зи пашэ къэбэрдей шухэм къалгъэ-сультIан Къазий-Джэрий и дзэр хагъэщIащ: «тэтэрхэр хэдгъащIэри етхуэжьэащ; куэд дукIащ, гъэр къэтщIащ, езы сультIан Къазий-Джэрии къыдэлъакъым».

Шу дапщэ ягъэшэсыфрэт къалъихьэху зэрыпхъуакIуэхэм ятекIуэ къэбэрдейхэм - абы жэуап етыгъуафIэкъым. Главани Ксаверио зэритхамкIэ, Къэбэрдейм и закъуэ уэркъ шу минитхум щIигъу щагъэшэс Iэджэрэ къэхъащ. Ар шу къудейуэ, лъэсыдзэм и гугъу умыщIыххэми. ЗауэлI бжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, шэч хэлъкъым, ауэ адыгэхэр биим зэрефIэкIыр я лыгъэрэ я зэуэкIэкIэт. Астрэхъан губернатор Волынский Артемий пащтыхь Петр Езанэм хуитхауэ щытащ: «Щэрджэсхэм сащытхъукIэ сфIэмащIэщ - нэхъ хахуэрэ зауэм нэхъ хуэщIарэ ущриихьэлIэнукъым мы лъахэм: тэтэр миным ятекIуэнущ щэрджэс шу щитIыр.

ЛIыгъэрэ хахуагъэкIэ

XVI лIэщIыгъуэм и кум щыщIэдзауэ зэи зэпыуакъым кырым хъанхэм Щэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ ягъашIыкIэ зауэхэр. 1555 гъэм хъан Долэт-Джэрий I Къэбэрдейм къытеуащ; пащтыхь Сигизмунд-Август хъыбар зэрырягъэщIамкIэ, «кIуентхъ куэдыкIей къыIэрыхьауэ», абы Кырымым игъэзэжащ. 1567 гъэми Къэбэрдейм къизэрыгуащ кырым хъаным и дзэр.

КЪЭБЭРДЕЙР нэхъ гуащIэмащIэ ищIын мурадкIэ, тырку сультIаным и дзэр 1569 гъэм Астрэхъан ебгъэрыкIуащ (астрэхъан нэгъуейхэр абы щыгъуэ Къэбэрдейм и жьауэм щIэтащ). Дзэм пашэ ахуэхъуар сультIаным кулыкъу хуэзыщIэ жанеи лакъуэпIэм Iэщ Къасым-пащэщ. Абы и дзэм хэтащ бжьыдигъу шу минищ, ахэр псори иужьым къэбэрдейхэм кхахьыхьжащ, Къасым-пащэ кыгуэкIыжри. Идар Темрыкъуэ зи пашэ къэбэрдей шуудзэм Къасым-пащэ и дзэр Астрэхъан деж щыхжакъутащ. Темрыкъуэ зэхикъутащ Къасым-пащэрэ кырым хъаным-рэ а гъэ дыдэм Къэбэрдейм къраутIыпщащэу щыта дзэри.

1570 гъэм Долэт-Джэрий Къэбэрдейм кьытеуащ, кIыкIэпIыкIуэ гъэм Мэзкуу теуэри ар итъэсащ.

Пользшэм и лIыкIуэ кхалэнир Кырымым щызыгъэзащIэ Броневский Мартин итхыгъащ: «Псыхуабэ хэкуэм, е Къэбэрдейм, и пущапкъэр Хьэзэр тенджызым иоуалIэ. Абы бгы пьагъэри мэз Iуфэри щыкIуащI. Къэбэрдей лIакъуэлIэщхэр хахуэ защIэщ, щIыхубэр абыхъэм я Iэмыщ!э итыщ; езыхэр щхьэхуитщ, зым и унафи щIэткIым».

Къэбэрдейр зэрыщхьэхуитым, зым и Iэмыщ!и зэримыгъэзэм щыхьэт тохьуэ нэгъуэщI куэди. Италием кIыкIауэ Кырымым щыIэ Эмидино де Асколи зэритхамкIэ, «ахэр (тэтэрхэр) Щэрджэсым ихьэн мэшынэ, сыту жыпIэмэ абы исхэр зауэшы защIэщи».

1654 гъэм хъан щыщIыдзауэ 1708 гъэ пщIондэ Кырымым хъаннипщI щызэблэкIащ, зым и пIэ адрейр иувэрэ. Къулыкъур къазэрыIэрыхьэххэу, хъанхэр зи ужь ихьэр Къэбэрдеймрэ Щэрджэсымрэ зэрызэIэщIалъэхьанэрт: гъыгъэжьэ зауэ кхращIыпIэ зэпыитт, псэугъуэ яграгъахуэрэткъым. Дапщэ р къатеуами, Щэрджэсымрэ Къэбэрдеймрэ я Iэмыщ!э ираубыдэн зэи яхуэзфIэкIакъым кырым хъанхэм, ар дэнэ къэна, зауэм зэкIуадэр езыхэрат, адыгэжьм зэ трахьуэтэуэр. Ар къыщыщIауэ щытащ 1671 гъэм хъан къулыкъур кхъызытыуса Сэлим-Джэрий Езанэм - абы и дзэр Iисраф зэтращIащ зауэ зрищыIа адыгэхэм.

XVI лIэщIыгъуэ гъэм щыщIыдзауэ 1708 гъэ щIондэ Кырымым хъаннипщI кхыIэрыкIар 1708 гъэрщ.

1698 гъэм хъан къулыкъу кхыIэрыкIащ Сэлим-Джэрий и кIуэ Долэт-Джэрий. Тырку сультIаныи абы кхыпиубыдащ хъаныкIуэ Шахъбаз-Джэрий кхалгъэ кхулыкъуэр пIыгъэсын хуейуэ. Хъаным зихьунщIащ, а къулыкъур Шахъбаз-Джэрий гIыгъэсынугъэкIыми. Шахъбаз-Джэрий Беслъэнэйм щаукIащ - пщы Темырболэт и унэм. Хъаным зэригъэIуамкIэ, Шахъбаз-Джэрий зыгукIар кхъэбэрдейхэрат, ауэ пэжыр нэгъуэщIт: хъаныкъуэр зыIэщIэкIуэдар и шынэхъыжьхэрат, абыкIэ замыуысыжами. Щхьэусыгъуэ иIэ хъуати, хъаныкъуэм ипт ящIэжьи мурад ящIащ Джэрийхэ. Хъаным икIыр Кхалгъэ-Джэрийт - абырэ Шахъбазрэ адэкIи анэкIи эзэшт.

И къуэшым итъ ящIэжьи щхьэкIэ, Кхалгъэ-Джэрий Тэунейрэ, 1700 - 1701 гъэхэм, Къэбэрдейм кхьытеуащ. ТIэум щыгъуи фIы щIихакъым: къэбэрдейхэм щIагъэIащ, и дзэр зэхакъутэри.

Къэбэрдейм кхытепплъ мыхъур Кхалгъэ-Джэрийти, хъан кхулыкъур кхыIыпсэ нэужь (1707 гъэм), куэдрэ зиIэжьакъым абы: дзэшхэу иугъуейри, 1708 гъэм зэуакIэ къежьащ, и къуэшым, Бесльэнейм щаукIа Шахъбаз-Джэрий, итъ ящIэжьи щхьэусыгъуэ ящIри.

Кхалгъэ-Джэрий Къэбэрдейм къриутIыпщащ дзэр зыхуэдизэр Iупщ!ыкъым. Де ла Мотрэ зэритхымкIэ, Кхалгъэ-Джэрий и дзэм зауэлI минищэ хэтащ, Кантемир Дмитрий мин 95-рэ къегъэльагъуэ, Раковиц Михайло - мин 40, Хаммер Йозефмий - 35-рэ. Зэрыгъэзэ Тэ зэрухьэн (Бекович-Черкасский Александр и шынэжьыкъуэ) щыхьэ т мэзыу а бжьыгъэмкIэ - ар езыр хэтащ Кхалгъэ-Джэрий Къэбэрдейм къриящIыпа зауэм.

Абрам де ла Мотрэ итхьатащ: «Нуррединымрэ (Кхалгъэ-Джэрий) хъаныкIуэжэмрэ зи пашэ тэтэрхэр бгы лъагэ гуэрым (зи гугъу ящIыр Кхьэжкал бгырщ) и пIапэм щитIысыкIащ. Бгы лъапэр тIысыпIэ ящIри, шу гупхэр зэбграгъэкIащ (лъы уасэмкIэ кхъбэрдейхэм ягурыIуэн щхьэкIэ). Дзэшхуэм щыщынауэ фэ зытрагъэуащ щэрджэсхэм, Iужур зауэм нэмысмэ, нэхъ кхьыззращIэну кхыжраIащ хъаным. Щэрджэсхэр игъэшынауэ итъыгъащ хъаным нэхъыбэрэ, абы и пIэ ирагъэуващ Баженовскэ сэрейкIэ зэджэр.

Черкасскэхэ ейуэ щытащ **Марьинэ Рощэ, Останкинэ, Троицкэ** жьлэхэр. Мэзкуу дэтщ Черкасскэхэ я цIэр зезыхьэ уэрамитI: Большой Черкасский переулок, Малый Черкасский переулок - аращ а уэрамхэм нобэ зэрджэр. Мэзкуу уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэ цIэр. Абы и къуэш СультIан (Михаил) и сэрейр Воздвиженскэ уэрамым тетащ, абдеж нобэ щыпсыт Урысеим и къралгъэ библиотекэкIэ зэджэу щытар). Урыс пащтыхьхэм я кIуапIэ Коломнэ хьэлэ щIэрыIуэм Мэзкуу дэтхьэ адыгэпщхэм я унэ 54-рэ дэтащ.

Генералиссимус

Пащтыхь Петр Езанэм и зэманым Урысеим къулыкъушхуэ щызезыхьахэм ящыщщ Черкасский Михаил (Алий). Ар Къэбэрдейм и тхыдэм щыщIэрыIуэ дзэпщ Сэнджэлей Алыджыкъуэ и къуэщ. Мэзкуу щыкIуар 1664 гъэрщ; 1674 - 1676 гъэхэм Новгород губернэм и Iэтащхьэу щытащ, урыстырку зауэм (1677 гъэм) хэтащ, урысыдзэм и пашэу.

ЧЕРКАССКИЙМихаил куэд илэжьащ Урысеим и дзэр къызэгъэпэщынымкIэ, абы зиужьынымкIэ - апхуэдэ фIыщIэ бгъэдэлъщ адыгэпщым. Пащтыхь Петр дзыхь кьриГъэз зэпытащ Черкасский Михаил, ар гъэугъанэ щытекхьэкIэ къэрал унафэр кхъызыхуигъанэр Черкасскэрат. «Зиусхэн Черкасскэм и жьIэм фыкфIэмыкI, абы и псалъэм федалуэ, фи пщэ къыдилъхьэу хъуар вгъэзащIэ» - ежьэн хъумэ, апхуэдэ унафэ кхъахуищIырт Петр къэрал лIыщхьэхэм.

Урыскъан

Дзей зэкъэхъуэ нэужь, адыгэпщхэм кIуапIэ яхуэхъуар Урысеим и къащIэхэр: тхыдэр щыхьэт тохъуэ а зэманми нужькIи Мэзкуу адыгэ миным щIигъу зэрыдзэсам.

МЭЗКУУ Iэпхъуа адыгэпщхэр щIэ дыдэ цIэрыIуэ щыхъуащ Урысеим - абыхъэм кхъахэщIащ дзэпщ хахуэ, кхърал пэжькIуэ, дипломат пъэрыгъэхъэ куэд, ахэр тхыдэм кхъызэрыхнар Черкасский унэщIэмкIэщ.

1624 гъэм Москва кIуаиу Темрыкъуэ и шынэхьыщIэ, Къэбэрдейм и пащыхьэ Къамболэт и къуэрыльху Урыскъан (Москва абы кхъыщыфIащащ Яков щIэр). 1648 гъэм абы итьэс нэхъыкIэ зэрихьащ урысей правительствэм и Iэтащхьэ кхулыкъур, иужькIэ дзэпщ цIэрыIуэ хуащ. Аращ Польшэмрэ Швециемрэ Урысеим кхыщытеуам щыгъуэ урысыдзэм пашэ хуэхъуар, 1654 гъэм щыщхьэIу мазэм и 2-м Черкасский Яков (У рыскъан) ливон iетман Радзивилл и дзэр зэкIкIуэтащ, Польшэм и гетман Iансевскэм и дзэри хигъэщащ. Адыгэ шуудзэм я пашэу, Черкасскэр а гъэм бадзэуэгъуэ мазэм и 29-м Литвам и кхалащхьэ Вильно дыхьащ.

1656 гъэм зауэм кхыхьыащ Швециеи. Черкасскэращ абы щыгъуи урысыдзэм и пашэу щытар. Урысыдзэмрэ адыгэ шухэмрэ Прибалтикэм ирешэри, Черкасскэм къеубыдащ шведхэм я Iэмыщ!э ираубыдащ щыта быдапIэхэр, Ригэ кхалэми иобгъэрыкIуэ.

Я гур кхыхьажа нэужь, полякхэмрэ литовецхэмрэ 1663 гъэм зауэр ящIэж, я дзэм король Ян Казимир пашэ хуащI. Урысыдзэр зэуапIэм изышар Черкасский Урыскъанщ - абы ЮроIыр зи пашэ дзэр зэхикъутащ.

Черкасский Яков (Урыскъан) 1666 гъэм дунеим екIыжащ. Абы и къуэ Михаил 1697 гъэм Сыбырым и губернатор хъуащ. Сыбырым и губернатор щытащ Михаил и къуэри - Алексей, иужькIэ абы зэрихьащ Санкт-Петербург кхалэм и унафэщI кхулыкъуэр. 1740 гъэм Алексей кхьанцIерыщIхуэ (правительствэм и унафэщI) хъащ.

Черкасский Алексей кхъэралым щынэхъ кхулей дыдэхэм ящыщащ; къуэ нIакъым, и мыгъкур и малъхъэм - граф Шереметьевым - кхыхэнащ (ноби цIэрыIуэ сэрей тельыджэри хэту). Демидовхэ я Iэмыщ!э ихуащ зэадзэзкъым - Михаилрэ Алексейрэ - Сыбырым иращIыхьауэ щыта, гъущ щагъавэ, Iэщэщащ заводхэр.

НапэкlуэщIыр зыгъэхъэзырар МЫЩОКЪУЭ Гъэзерщ.

Уэрамхэмрэ сэрейхэмрэ

Илъэс щитIым ирадзыгъэкIэ (XVI лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм щыщIэдзауэ 1776 гъэ щIондэ) Щэрджэс уэнэкIэ зэджэ сэрей уарэ дуащ Мэзкуу Кремлым. Ар зеяри щыпсэуари Урысеим Iэпхъуауэ щыта адыгэпщхэрщ - Черкасскэхэрщ.

КРЕМЛЫМ Щэрджэс унэр дезыгъэщIыхьар Темрыкъуэ и къуэш Къамболэт и къуэ Борисщ. Ар лIа нэужь, унэр кхыхуэнащ абы и къуэ Иван. Унэм чэзу-чэзууэ щыпсэуащ Черкасскэхэ я щIэблэ зыбжанэ - Урыскъан (Яков), абы и къуэ Михаил, Урыскъан и къуэрыльху Алексей. Абы къуэ и Iакъым, унэр и къуэм, Варварэ, лъысащ. Щэрджэс унэр Спасскэ куэбжэм пэжыжьакъым. Ар 1776 гъэм ягъэхъуащ 1708 гъэ ирагъэуващ Баженовскэ сэрейкIэ зэджэр.

Черкасскэхэ ейуэ щытащ **Марьинэ Рощэ, Останкинэ, Троицкэ** жьлэхэр. Мэзкуу дэтщ Черкасскэхэ я цIэр зезыхьэ уэрамитI: Большой Черкасский переулок, Малый Черкасский переулок - аращ а уэрамхэм нобэ зэрджэр. Мэзкуу уэрамхэм ящыщ зым зэрехьэ Темрыкъуэ и къуэ Мамсрыкъуэ цIэр. Абы и къуэш СультIан (Михаил) и сэрейр Воздвиженскэ уэрамым тетащ, абдеж нобэ щыпсыт Урысеим и къралгъэ библиотекэкIэ зэджэу щытар). Урыс пащтыхьхэм я кIуапIэ Коломнэ хьэлэ щIэрыIуэм Мэзкуу дэтхьэ адыгэпщхэм я унэ 54-рэ дэтащ.

Пасэрей адыгэ лъэпкъхэм - зиххэм - я лIакъуэлIэщхэм кхъахкIащ къэбэрдеипщхэр. Зихьпщхэм я щIыналъэм ящыщ лIакъуэлIэщхэм зыщиукъуэдияцу - аращ Къэбэрдейм щIэлэзапIэ хуэхъуар.

Дау и къуэ

КЪУЭКIЫПIЭМКIЭ зыщызыыкъуэдия зиххэм къэбэрдейкIэ еджэ щыхъуар дапщэщ? А упщIэм жэуап етыгъуафIэкъым, ауэ шэч хэлъкъым абы лъандэрэ лIэщIыгъуэ Iэджэ зэрыдэкIам. ЩIэныгъэлI щыгъуэ Iэджэ зэрыдэкIам. Къэбэрдей-хэр абы Дау и къуэкIэ йоджэ, е Дау и къуэ Бахьсэнкlэ. Къэбэрдейхэм ягъэльапIэ ЯтIэкъуэ сыным и хьыбар ятхыжащ Гадло А. В. зэритхымкIэ, ЯтIэкъуэ сыныр щагъэувам щыгъуэ (1130 гъэм) Балькэрэ Бахьсэнрэ я Iуфэм Iусар адыгэ лъэпкъщ (къуэкIыпIэмкIэ Iэпхъуа зиххэм ящыщщ). ЯтIэкъуэ сыным тет тхыгъэм и ныкъуэм алыджыбзэкIэ, и ныкъуэм адыгэбзэкIэ укъо джэ. Тхыгъэр щыхьэт тохьуэ ЯтIэкъуэ сыныр Джэрыджэ-БэчкIэ зэджэ пщыщхуэм (е дзэпщ цIэрыIуэм) зэрыхуагъэувам. Къэбэрдей-хэр абы Дау и къуэкIэ йоджэ, е Дау и къуэ Бахьсэнкlэ. Къэбэрдейхэм ягъэльапIэ ЯтIэкъуэ сыным и хьыбар ятхыжащ Гъущэрыкъуэ, щIэныгъэлI зыбжанэм. Абы и хьыбар гъэщIэгъуэн ущрохьэлIэ Нэгумэ Шорэ и «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэмэ».

●Адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр

200 Хъан-Джэрий теухуауэ аргуэру зэ

Мы гъэм илъэс 200 мэкъу адыгэ щIэныгъэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ Хъан-Джэрий кьыззраститхурэ, Абы и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ яп дыдэ (ди зэманым) тетхыхьар Косвен Маркщ. Хъан-Джэрий кьыззринэжIа тхыгъэхэм, Косвен зэрилытэмкIэ, кууу щыззэпкърыхауэ адыгэ лъэпкъхъэм я хабзэхэр, я Iуэрыдуэтэр, я тхыдэр, я диныр.

Косвен М. Ф. и теухуауэ Хъан-Джэрий и гъащIэмрэ и гущIэгъуэмрэ я джащ Къумыкъу Тыгъуэн, Гарданов Валентин, Мамбэт Хьадым, Хьэкiуащэ Андрей, Хъупсрокъуэ Хьызыр, Хьэщхьужь Рае, Хьуг Шамсудин сымэ, нэгъуэщIхэми, Абрахэм я гъэкIэрыкIэхэм гъабжьэ хуэхъуар, зэрынэрылъагъуни. Москва, Ленинград кьалэхэм дэт архивхэм кьыщыззтена материалхэмрэ документ-тхэмрэ.

ХЪАН-ДЖЭРИЙ кьыщалъхуари и щалэгъуэр щигъэкIуари Псыжьыг. Краснодар крайм и къэрал архивым хъума щыхъуащ Хъан-Джэрий теухуа материал гъэщIэгъуэн куэд, ауэ ахэр щIэныгъэлIхэм кьыззрагъэсэбэпа щыIакъым иджыри къэс. Абыхэм уригъаззмэ, нэхъ Iупщ пхуэщIынущ Хъан-Джэрий и гъащIэмрэ и яп зыбжьыгъэхэмрэ епха Iуэхугъуэхэр, щIэныгъэлIхэм я щыуагъэ гъэрхэри пхуэгъэззэкIуэжынущ. Апхуэдэ материалхэм яIыщщ, псалъэм папщIэ, адыгэ щIэныгъэлI Долэт-Джэрий пщышхуэ Николай Николаевич деж 1915 гъэм итхауэ щыIэ докладыр. Абы кьыззрыщигъэтъэгъуэмкIэ, Долэт-Джэрий и лъэпкыр кьызыпетхуэкIаИслъам-Джэрий яп эпсэпIэ хуэхъуар ТIуапсэ щ.Ислъам-Джэрий и кьуэрыпIуэ Аслъэн-Джэрий Псыжь Iуфэ Iэпхъыщ, Генерал Бабиковым и дзэм хэтащ Аслъэн-Джэрий, 1789 гъэм Анапэ деж кьыщацкIащ. Аслъэн-Джэрий и кьуитIыр - Мыхьэмэт-Джэрийрэ Кьапгъэн-Джэрийрэ генерал Гудовичи П. В. деж кIуэри абы и Iэмыщ1э зраугъэхьащ (Гудовичщ Анапэ кьэзыщтар - 1791 гъэм), тIури урысыдзэм хыхьащ. Мыхьэмэт-Джэрий кьуиплI иIащ, плIыри офицер хъуащ. Нэмыжьыбар, майор Хъан-Джэрий, Эриван деж зауэм хэкIуэдащ. Абы кьыкIэлъыкIуэр, Хъан-Джэрий, полковник, флигель-адъютант хъуащ. Ещанэри, Сыхьэт-Джэрий, полковник, флигель-адъютант хъуащ. Зэшхэм я нэхъыщIэ Адыгэ-Джэрий генерал-майорым нэсащ. Мыхьэмэт-Джэрий и кьуэш Кьаплъэн-Джэрий зы кьуэщ иIар - Сыхьэт-Джэрий, ар зи гугъу тщIы докладыр зытха Долэт-Джэрий и адэщ. НэгъэщIу жыIпэмэ, Хъан-Джэрийрэ Долэт-Джэрийрэ зэшитIым я куэхэщ.

Дапщэщ Хъан-Джэрий и адэ Мыхьэмэт-Джэрий Псыжь и нжьырабгъу Iуфэм щыIэпхъуар, сыт абы и щхьэусыгъуэр? ЗкIэ Iуэ и адэм урысыдзэм кьулыкъу зэрыщищам дыщыгъуазэщ. Дауи, ар ягу гъэхакъым абы и жагъуэгъуэм, уеблэмэ кьещIэхьуащ. 1804 гъэм Псыжь и нжьырабгъу Iуфэм Iэпхъуэм иращIауэ щытащ Мыхьэмэт-Джэрий, ауэ и мурадыр а гъэм кьехъуIакъым - нэхъ иужькIщ ар Псыжь щыIэпрыкIар. Дауи щрети, Мыхьэмэт-Джэрий 1813 гъэм Псыжь и нжьырабгъу Iуфэм зэрыщыIэсэуам щэч хэлъкъым - абы щыхьэт техьуэ тхыгъэ кьыщыIэтенащ Краснодар край архивым.

Косвен Марк зэриттхмкIэ, тырку правительствэр ткакIуэм и адэм кьелъэIуауэрэ щытащ ар Псыжь кьыззрпрыкIыжыну, езым идакъым. Абы и ужькIэщ Мыхьэмэт-Джэрий жагъуэгъуэр и куэд щыхъуар.

1821 гъэм генерал-майор Власов М. Г. хьыбар ирагъэщIауэ щытащ Мыхьэмэт-Джэрий Псыжь зэпрыкIыжьым мурад зэриIэмкIэ: сымаджэрилэт, и махуитI зытэкъым, и лIэгъуэр кьэсауэ ильытати, Псыжь адрыщI щыщIалъхьэжмэ, нэхъ кьыштэрт.

Мыхьэмэт-Джэрий Псыжь зэпрыкIыжьыну хунэкъым: 1821 гъэм мэлыжьыхь мазэм и 4-м и жэщым дочим ехьижащ, и хьэдэр Псыжь зэпрашыжри, и жылэм щыщIалъхьэжащ. Псыжь зэпрыкIыжьым мурад иращIащ Мыхьэмэт-Джэрий и щхьэгъусэми - Бичэ. Абы бын хуиIакъым Мыхьэмэт-Джэрий. И бынхэр кьэзыIэпхуа и яп фызыр щыIэм, 1820 гъэм Бичэ кьишауэ арат.

Бичэ и унафэр генерал Ермолов А. П. ищIащ: Псыжь зэпрыкIыжьынумэ, хуитщ, ауэ Мыхьэмэт-Джэрий и бынхэр иратынукъым. Дунейм ехьижам и мыпхуэр уэсат зыхунщIам кьыуренэ, абы кьыхуэнэн хуейщ Мыхьэмэт-Джэрий и уэркъэри и пщылIэри: щIалэ щыкIур (Хъан-Джэрийщ жьхэуIэр) балигъ хьуху яIпэм, кIэльыплъым щхьэкIэ - апхуэдэ унафэ ищIащ Ермоловым. Апхуэдэ уэсат кьигъэнагъэнущ езы Мыхьэмэт-Джэрий. Псыжь зэпрыкIыжьа нэхъ ужь, зы илъэсщ Бичэ зэрыпсэужащ.

Хъан-Джэрий есаул Косолап Артем, есаул Мэгъурокъуэ Пщыкъуий, сотник Журавлев Пантелеймон сымэ я Iэмыщ1э иратъхьащ. И адэр щылIам, илъэс пщыкIуц ныбжьым итт Хъан-Джэрий. Косолап Артем и кьуэ Сысой нэхъыжьт абы нэхъри, щIэныгъэ зиIэ щыхут (ныжькIэ генерал хъуащ). Щ1эныгъэ зиIа щыхуущ Мэгъурокъуэ Пщыкъуий, бзэ зыбжанэ ищIэрт, бзырыс лъэпкъхэм я хабзэкэм фIыуэ щыгъуазэт. Косолап Сысойрэ Мэгъурокъуэ Пщыкъуийрэ щхьэгъусэ Хъан-Джэрий щIэныгъэм яп дезыгъэхъэхар.

Екатеринодар а зэманым зы гимназиерэ зауэлI еджапIэрэ дэтащ. Хъан-Джэрий кьиухар, щэч хэмыльу, зауэлI щагъэхьэзыр еджапIэрщ.

1826 гъэм и фокIадэ мазэм Черноморскэ дзэм и атаман Сысоевым щу полкитI кьызэригъэпэщащ, Перс зауэм хуагъэхьэзырыр щхьэкIэ. ПолкитIым я зым хыхьащ есаул Мэгъурокъуэ Пщыкъуийрэ абы и гъусэ шухэмрэ. Адрей полкым зыхраГъэтхащ Хъан-Джэрийрэ абы и кьуэш Щхьэн-Джэрийрэ.

ЗэфI дыдэу щытауэ пхуэжьыныкъым а тIур: Щэхъан-Джэрий и шынэхъыщIэм енькIуэкIуэ зэпытащ, и адэм кьызэрринэжIа щIалэпIэмрэ мыпкъумрэ я ныкъуэм щIэдзэуртри. Ермоловыр Хъан-Джэрий кьыщхьэщыкащ, дзыхь хуэхуитщ, ауэ Мыхьэмэт-Джэрий и бынхэр иратынукъым. Дунейм ехьижам и мыпхуэр уэсат зыхунщIам кьыуренэ, абы кьыхуэнэн хуейщ Мыхьэмэт-Джэрий и уэркъэрри и пщылIэри: щIалэ щыкIур (Хъан-Джэрийщ жьхэуIэр) балигъ хьуху яIпэм, кIэльыплъым щхьэкIэ - апхуэдэ унафэ ищIащ Ермоловым. Апхуэдэ уэсат кьигъэнагъэнущ езы Мыхьэмэт-Джэрий. Псыжь зэпрыкIыжьа нэхъ ужь, зы илъэсщ Бичэ зэрыпсэужащ.

Хъан-Джэрий есаул Косолап Артем, есаул Мэгъурокъуэ Пщыкъуий, сотник Журавлев Пантелеймон сымэ я Iэмыщ1э иратъхьащ. И адэр щылIам, илъэс пщыкIуц ныбжьым итт Хъан-Джэрий. Косолап Артем и кьуэ Сысой нэхъыжьт абы нэхъри, щIэныгъэ зиIэ щыхут (ныжькIэ генерал хъуащ). Щ1эныгъэ зиIа щыхуущ Мэгъурокъуэ Пщыкъуий, бзэ зыбжанэ ищIэрт, бзырыс лъэпкъхэм я хабзэкэм фIыуэ щыгъуазэт. Косолап Сысойрэ Мэгъурокъуэ Пщыкъуийрэ щхьэгъусэ Хъан-Джэрий щIэныгъэм яп дезыгъэхъэхар.

Екатеринодар а зэманым зы гимназиерэ зауэлI еджапIэрэ дэтащ. Хъан-Джэрий кьиухар, щэч хэмыльу, зауэлI щагъэхьэзыр еджапIэрщ.

1826 гъэм и фокIадэ мазэм Черноморскэ дзэм и атаман Сысоевым щу полкитI кьызэригъэпэщащ, Перс зауэм хуагъэхьэзырыр щхьэкIэ. ПолкитIым я зым хыхьащ есаул Мэгъурокъуэ Пщыкъуийрэ абы и гъусэ шухэмрэ. Адрей полкым зыхраГъэтхащ Хъан-Джэрийрэ абы и кьуэш Щхьэн-Джэрийрэ.

ЗэфIэ